Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SÚWRETLEW ÓNERI 3

*Ulıwma orta bilim beriw mekteperiniń 3-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq*

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen basıp shıǵarıwǵa usınıs etilgen*

*Jańa basılım*



Tashkent – 2022

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 75(072)
KBK 85.1
V30

*Duziwshiler:*
**Rustam Xudayberganov, Tatyana Li, Barno Yunusova, Sarvar Farmonov, Orzu Tashmuxammedova**

*Juwaplı redaktor:*
**Asqarali Sulaymonov**

*Pikir bildiriwshiler:*
**Ziyodilla Bobomurodov** – Tashkent arxitektura-qurılıs institutı súwretlew óneri kafedrasınıń baslıǵı, docent.
**Dilnoza Tulanova** – Nizamiy atındaǵı Tashkent mámleketlik pedagogika institutı súwretlew óneri kafedrasınıń docenti w.a.
**Akrom Vapaev** – Tashkent wálayatı Qibray rayonındaǵı 14-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń súwretlew óneri páni oqıtıwshısı.
**Dilnoza Mirxakimova** – Tashkent qalası Yunusabad rayonındaǵı 260-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń súwretlew óneri páni oqıtıwshısı.

## Shártli belgiler:

 – tapsırma

 – sabaq juwmaǵı

 – sorawlar

 – úyge tapsırma

*Respublikalıq maqsetli kitap fondı esabınan baspadan shıǵarıldı.*

*Original maket hám dizayn koncepciyasi Respublikalıq bilimlendiriw orayı tárepinen islendi.*

ISBN 978-9943-8070-9-9
© Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

Kirisiw....4

**I BAP. GRAFIKA**

**1-tema.** Grafikada natyurmort hám peyzaj janrları. Format....8
**2-tema.** Jol sıyaqlı naǵís síziw.... 10
**3-tema.** Jaqtılıq hám saya. Jelbiregen lenta súwretin salıw.... 12
**4-tema.** Eki-úsh túrli miyweden dúzilgen natyurmort sızıw.... 14
**5-tema.** "Gúze hám sarımsaq" temasında natyurmort sızıw.... 16
**6-tema.** "Tandır nan" temasında natyurmort sızıw.... 18
**7-tema.** "Qara fonda aq reń menen natyurmort salıw.... 20
**8-tema. 1-qadaǵalaw jumısı.** "Piyaz" súwretin soǵıw.... 22
**9-tema.** Reńli fonda qara reń menen peyzaj salıw.... 23

**II BAP. MÚSINSHILIK**

**10-tema.** Músinshiliktiń túrleri.... 26
**11-tema.** Gúlálshı ustaxanasına sayaxat.... 28
**12-tema.** Milliy oyınshıqlardıń kishi músinlerin islew.... 30
**13-tema.** Dasturxandaǵı jemis.... 32
**14-tema.** "Ur, toqpaq" ertegi tiykarında músin islew.... 34
**15-tema. 2-qadaǵalaw jumısı.** "Ertek qaharmanları Jańa jıl shırshası átirapında" temasında músin islew . 36
**16-tema.** "Arqa polyus ayıwı" temasında músin islew.... 38

**III BAP. REŃLI SÚWRET**

**17-tema.** Ayqulaq. Tiykarǵı hám qospa reńler. Reńler aralaspası.... 42
**18-tema.** Axromatikalıq reńler. "Gójek"tiń súwretin salıw.... 44
**19-tema.** Xromatikalıq reńler. "Balıq"tıń súwretin salıw.... 46
**20-tema.** Suwıq reńler. "Aqquw"dıń súwretin salıw.... 48
**21-tema.** Jıllı reńler. "Jolbarıs balası"nıń súwretin salıw.... 50
**22-tema.** "Qumırı"nıń súwretin salıw.... 52
**23-tema.** Dekorativ qus. "Tawıs"tıń súwretin salıw.... 54
**24-tema. 3-qadaǵalaw jumısı.** "Tábiyat dúnyası" temasında súwret salıw.... 56
**25-tema.** Tábiyattaǵı tereklerdiń jıl pasıllarına qarap ózgeriwin súwretlew.... 58
**26-tema.** Reń hám keypiyat. "Nawrız bayramı" temasına súwret salıw.... 60

**IV BAP. KOMPOZICIYA**

**27-tema.** "Tawda báhár" temasına keńislik kompoziciyasın islew.... 64
**28-tema.** "Kosmosqa párwaz" temasına kollaj usılında kompoziciya islew.... 66
**29-tema.** Statika hám dinamika.... 68
**30-tema.** Ashıq hám jabıq túrdegi kompoziciya islew.... 70
**31-tema.** Kompoziciyadaǵı ritm.... 72
**32-tema. 4-qadaǵalaw jumısı.** "Haywanat baǵı" temasına kompoziciya islew.... 74
**33-tema.** "Tábiyattı saqlań" temasına plakat kompoziciyasın islew.... 75
**34-tema.** "Tábiyattı saqlań" temasına plakat kompoziciyasınıń shriftin islew.... 77

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

Qádirli oqıwshılar! Siz 2-klassta "Súwretlew óneri" sabaqlıǵı arqalı "Grafika", "Músinshilik", "Reńli súwret" hám "Kompoziciya" temaları boyınsha dáslepki maǵlumatlardı aldıńız. Grafikalıq súwretler salıw, ılay hám plastilinnen kólemli bórtpe hám domalaq músinler islew, sızılǵan súwretlerge reń beriw, tema tiykarında kompoziciya islew boyınsha ámeliy kónlikpelerge iye boldıńız. 3-klassta da baplar izbe-izliginde qızıqlı temalardı úyreniw menen birge súwret salıw, músin islew, kompoziciya dóretiw boyınsha jańa bilimlerge iye bolasız.



*Anvar Mamajonov. Muxtor Xudoyqulovtıń "Kishi tımsallar" toplamına illyustraciya.*



*Lekim Ibragimov. "Ótmishten saza" dúrkininen "Íssı nan" illyustraciyası.*



*Aleksandr Li. "Jaz" linogravyurası*



*Galina Li. "Xosh kelipsiz" avtolitografiyası.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I BAP
# GRAFIKA

**Grafika** grekshe sózden alınǵan bolıp, “sızaman”, “jazaman” degen mánislerdi bildiredi. Grafikada súwret qálem, kómir, reńli qálemler, sharikli ruchkalar, tush, flomaster hám por sıyaqlılar járdeminde sızıladı.

**Grafika** – súwretlew ónerinıń bir túri. Grafikada kartina tiykarınan aq hám qara, reńde islenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Patxulla Haytov
## (1947-jılda tuwılǵan)

*Ómirim dawamında maǵan tek jaqsı insanlar ushıradı, olardıń hám jaqınlarımnıń miyrimin sezinip jasap atırman. Bunı shıǵarmalarımda da súwretlewdi, olardan jıllılıq taralıp turıwın qáleymen.*

Patxulla Haytov 1947-jılı Tashkent qalasında tuwılǵan. Kamoliddin Begzad atındaǵı Milliy súwretlew hám dizayn institutın (aldınǵı A.N. Ostrovskiy atındaǵı teatr hám súwretlew institutı) tamamlap, usı oqıw dárgayında oqıtıwshı hám litorgrafiya ustaxanasında oqıw sheberi sıpatında miynet jolın baslaǵan. Házir Patxulla Haytovtıń kóplegen shıǵarmaları Ózbekstan Milliy banki, "Turonbank" banki, Ózbekstan mámleketlik kórkem-óner muzeyi, Ózbekstan Kórkem óner akademiyası kórgizbeler direkciyası, Qoqan mámleketlik kórkem-óner muzeyi, Germaniya, Franciya, Mongoliya, Hindistan, Litva, Rossiya sıyaqlı mámleketlerdiń muzeyleri hám jeke kollekciyalarda saqlanbaqta. "Watan ıshqı" toplamınan "Sham", "Bazar kórki", "Balalıq" toplamınan "Dala háwli", "Tań", "Eki shınar", "Peyzaj. Aqtash", "Bul ómir" sıyaqlı shıǵarmalarında elimizdiń ózine tán tabiyatı, kórinisi sáwlelengen.



*"Balalıq" toplamınan "Taslar baǵı".*



*"Balalıq" toplamınan "Ashıq aspan astında".*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*"Balalıq" toplamınan Úshlik: "Watan ıshqında", "Ájaǵam armiyadan keldi".*



*"Eski qala" toplamınan "Tandırlar".*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1-tema

# GRAFIKADA NATYURMORT HÁM PEYZAJ JANRLARÍ. FORMAT.

**Natyurmort** – francuzsha sóz bolıp, "jansız tábiyat" degen mánisti ańlatadı. Bul janrda buyımlar, miywe-palız ónimleri, gúller, gipsten tayarlanǵan hár qıylı predmetler ózine qarap súwretlenedi. Natyurmort sızıwdıń óz qaǵıydaları bar hám olarǵa ámel etiw zárúr.

**Peyzaj janrında** tawlar, toǵaylar, dalalar, say-jılǵalar, kól, dáryalar, kóshe hám úyler súwretlenedi.

Xudojnikler bul janr arqalı tábiyatqa, Watanǵa muhabbatın sáwlelendiredi. Tábiyat kórinislerin súwretlew áyyemgi Qıtay súwretlew ónerinde payda bolǵan. Peyzaj janrında da ózine tán qaǵıydalarǵa súyengen halda sızıw talap etiledi.

**Format** – islenetuǵın kórinis maydanınıń shegarası. Eń keń tarqalǵan súwretlew formatları tórtmuyeshlik (vertikal, gorizontal) kvadratlar bolıp tabıladı. Vertikal tórtmuyeshlik formatda islengen kórinisler joqarıǵa umtılıp, ullılıq sezimin beredi. Gorizontal format bolsa, quramalı, kóp ólshemli kompoziciyalar ushın qolaylı bolıp tabıladı. Tınısh jaǵday sáwlelenetuǵın kompoziciyalar tiykarınan kvadrat formatta islenedi.



*Orzu Tashmuxammedova. Natyurmort.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Nodirabegim Haydarova. "Miniatyura".*



*Sogdiana Yusupova. "Nawrız".*



*Jamshid Nishonov. "Peyzaj".*



*Jamshid Nishonov.*
*"Dekorativ natyurmort"*

Shınıǵıw dápterińizge natyurmort yaki peyzaj janrında qálegen formatta súwret salıw.

1. Natyurmort sózi qanday mánisti bildiredi?
2. Peyzaj janrınıń ózine tán ózgesheligi neden ibarat?
3. Tábiyat kórinisin súwretlew qay jerde payda bolǵan?
4. Format degen ne?

Qálegen formatda peyzaj yamasa natyurmort kórinisin sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2-tema

# JOL SÍYAQLÍ NAǴÍS SÍZÍW

**Jol sıyaqlı naǵıs sızıw** bir neshe bólimlerden ibarat. Bular gúl, japıraq, shaqa, miywe elementleri hám jol sıyaqlı sxema járdemshi sızıqlarınan ibarat. Jol sıyaqlı naǵıs sızıwda aq qaǵazǵa jol sızılǵannan keyin, ol járdemshi sızıqlar menen teń bóleklerge bólinedi.

Sxema járdemshi sızıqlarına elementler ritm tiykarında jaylastırıladı. Jol sıyaqlı elementlerdiń tákirar sızılıwı jol sıyaqlı naǵıstı payda etedi. Jol sıyaqlı naǵıs bezeklerin úyimizdegi buyımlarda, lipaslarda, áyyemgi arxitekturalıq estelikler diywallarında, ámeliy súwretlew óneri muzeylerinde kóriwimiz múmkin.

## Jol sıyaqlı naǵıs sızıw basqıshları

1



2



3



4





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







Shınıǵıw dápterińizge jol sıyaqlı naǵıs sızıń.

1. Jol sıyaqlı naǵıs qanday bólimlerden ibarat?
2. Jol sıyaqlı naǵıs bezeklerin qay jerlerde kóriwimiz múmkin.

Jol sıyaqlı  naǵıstı reńli qálemler menen boyań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3-tema

# JAQTÍLÍQ HÁM SAYA. JELBIREGEN LENTA SÚWRETIN SALÍW

Jaqtılıq hám saya barlıqtaǵı bárshe nárselerde bar bolıp, biz jaqtılıq hám saya járdeminde dógerek átiraptaǵı barlıq nárselerdi kólemli formada kóremiz. Nárselerdegi jaqtılıq hám saya belgili bir qaǵıydalar tiykarında jaylasadı:

- Blik – buyımdaǵı eń jıltıraǵan bólimi (quyash nurı túsken jer).
- Jaqtılıq – buyımda jarıqlıq túsken jer.
- Yarım saya – jaqtılıq hám saya aralıǵındaǵı bólek.
- Refleks – buyımnıń saya jerine túsken jarıqlıqtıń sáwlesi.
- Túsiwshi saya – buyımnıń jerge yamasa stolǵa túsken sayası.











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Jelbiregen lentanı grafikalıq usılda súwretlewdiń basqıshları

1



2





3



Jelbiregen lentanı grafikalıq usılda shınıǵıw dápterińizge sızıń.

1. “Blik” ataması qanday mánisti ańlatadı?
2. Saya buyımnıń qanday bólegi?
3. “Yarım saya” atamasınıń mánisi ne?

Jelbiregen lenta súwretin grafikalıq usılda juwmaqlap keliń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

4-tema

# EKI-ÚSH TÚRLI MIYWEDEN DÚZILGEN NATYURMORT SÍZÍW

Bizdi óz mazası hám kórinisi menen quwandıratuǵın gúz miyweleriniń biri anar bolıp tabıladı.

Anar miywelerdiń patshası sıpatında táriyplenedi.

Anar tereginiń boyı 6 metrge shekem boladı. Ol may-iyul aylarında gúlleydi. Miywesi mazası hám kórinisine qarap túrli sortlarǵa ajıratıladı. Anar baxıt hám molshılıq belgisi esaplanadı.

Qurma tereginiń boyı ortasha 2-3 metrge shekem boladı. Qurma teregi Ózbekstannıń qubla aymaǵında aprel ayınıń aqırı may ayınıń basında gúlleydi. Miyweleri oktyabr ayında pisip jetiledi. Pisken miyweleri sarǵısh reńlerde boladı, pisiwden ótiskenleri bolsa qońır-qaraltım túste boladı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Anar hám qurma natyurmortın sızıw basqıshları

1



2



3



4



Anar hám qurma natyurmortın shınıǵıw dápterińizge sızıń.

1. Anar tereginiń boyı neshe metrge shekem boladı?
2. Anar miywesi qalay táriyplenedi?
3. Qurma miywesiniń kórinisi qanday?

Reńli qálemlerden paydalanǵan halda anar hám qurma natyurmortın boyań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5-tema

# "GÚZE HÁM SARÍMSAQ" TEMASÍNDA NATYURMORT SÍZÍW

"Konstrukciya" ataması sızılıp atırǵan formanıń ayırım jerlerin bólekshelerge ajıratıp, qurılmasın payda etiwdi bildiredi.

"Gúze hám sarımsaq" temasındaǵı natyurmortta dáslep gúze hám sarımsaqtıń simmetriya hám járdemshi sızıqları, ulıwma forması sızıladı. Gúze hám sarımsaqtıń jaylasıwın kórsetiw maqsetinde konstruktiv qurılması sızıp alınadı. Natyurmorttaǵı formalar qurılmasınıń anıq qatnasları hám nárseler súwreti uqsaǵannan keyin, grafikalıq usılda jarıq hám saya túsleri islenip, natyurmort payda etiledi.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Gúze hám sarımsaq” temasında natyurmort sızıw basqıshları

1



2



3



4



“Gúze hám sarımsaq” temasındaǵı natyurmorttı shınıǵıw dápterińizge sızıń.

1. Gúze hám sarımsaqtıń keńislikte jaylasıwın kórsetiw maqsetinde dáslep ne sızıp alınadı?
2. “Konstrukciya” ataması sızılıp atırǵan formanıń nesin payda etiwdi bildiredi?

“Gúze hám sarımsaq” natyurmortın grafikalıq usılda juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

6-tema

# "TANDÍR NAN" TEMASÍNDA NATYURMORT SÍZÍW

"Tandır nan" temasında natyurmorttı grafikalıq usılda sızıwda aldın natyurmorttı úyrenip shıǵıw kerek. Bunda qaǵazdı qanday qoyıw kerekligi úyrenip shıǵıladı. Eger nannıń boyı eninen ulken bolsa qaǵaz jatıq halda, eger boyı eninen úlken bolsa qaǵaz tik halatta qoyıladı. Natyurmorttı nur qaptaldan tusetuǵın qılıp jaylastırıw kerek. Hár bir forma qaǵaz betine jeńil járdemshi sızıqlar menen sızıp jaylastırıladı.

Natyurmorttı basqıshpa-basqısh sızıp, negizine uqsatqannan soń grafikalıq usılda shtrixlap jarıq hám saya bólimleri islenedi.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## "Tandır nan" temasında natyurmort sızıw basqıshları



"Tandır nan" temasında natyurmorttı shınıǵıw dápterińizge sızıń.

1. Natyurmorttı grafikalıq usılda sızıwdan aldın ne islew kerek?
2. Eger nannıń boyı eninen ulken bolsa qaǵaz qanday qoyıladı?
3. Natyurmort negizine uqsaǵannan keyin qanday wazıypa orınlanadı?

"Tandır nan" natyurmortın grafikalıq usılda juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

7-tema

# QARA FONDA AQ REŃ MENEN NATYURMORT SÍZÍW

Qara fonda aq reń menen natyurmort sızıw grafikada natyurmort islewdiń qızıqlı usıllarınıń biri. Geyde kórinisti ele de kúshlirek súwretlew ushın grafikada kontrast, yaǵnıy aq hám qara reńler qollanıladı. Qara yamasa qoyıw kulreń fonda aq por, aq reńli qálem yamasa guash penen sızıladı. Jumıstı jaqtı bólimlerden baslawıńız kerek boladı. Saya tárepleri bolsa fon menen birlesedi hám súwret kontrastlı, anıq bolıp shıǵadı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qara fonda aq reń menen natyurmort salıw basqıshları

1


2


3


4


Shınıǵıw dápterińizge "Qara fonda aq reń menen natyurmort salıw" temasındaǵı natyurmorttı sızıń.

1. Grafikada natyurmort islewdiń qızıqlı usıllarınan biri ne?
2. Natyurmort sızıw basqıshların sanań?

Natyurmorttı grafikalıq usılda juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

8-tema

# 1-QADAĠALAW JUMÍSÍ. “PIYAZ” SÚWRETIN SALÍW

Domalaq formadan ibarat bolǵan “Piyaz”dıń súwretin sızıw. Qadaǵalaw jumısında piyaz natyurmortı grafikalıq usıllardan birinde orınlanadı. Dúzilisin dıqqat penen baqlap, qaǵazdı tigine yamasa enine qoyıw belgilep alınadı. Natyurmorttı sızıw basqıshları tiykarında kórinis qaǵaz betine járdemshi sızıqlardan paydalanıp, jaylastırılıp alınadı. Natyurmort qara flomaster, tush, reńli qálemler menen grafikalıq usılda jaqtılıq hám saya qaǵıydası tiykarında sızıladı.

1



2



3



4



Jarıq-saya qaǵıydası tiykarında “Piyaz”dıń súwretin shınıǵıw dápterińizge sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

9-tema

# REŃLI FONDA QARA REŃ MENEN PEYZAJ SALÍW

Peyzaj súwretin basqıshpa-basqısh sızıwda perspektiva qaǵıydalarına ámel etiledi.

Peyzaj sızıwda xudojnik aldın tabiyattan ilhamlanıp, zawıq beriwshi kórinisti tańlaydı. Peyzaj kórinisin grafikanıń túrli usıllarınan paydalanıp sızıw múmkin. Grafikada peyzaj sızıwdaǵı qızıqlı usıllardıń biri – reńli qaǵaz betine qara qálem konturı hám shtrixlar járdeminde sızıw usılı. Bul usıldıń birinshi basqıshında peyzajdıń jarıq-saya tárepleri jińishke sızıqlar menen belgilep shıǵıladı. Keyingi basqıshta qara tush yaki flomaster menen islew beriledi hám grafikalıq kórinis payda boladı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Reńli fonda qara reń menen peyzaj salıw basqıshları

1



2



3



4



Shınıǵıw dápteríńizge "Reńli fonda qara reń menen peyzaj salıw" temasında súwret salıw.

Peyzaj kartinasın basqıshpa-basqısh sızıwda qanday qaǵıydalarǵa ámel etiledi?

Peyzaj súwretin grafikalıq usılda juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BAP
# MÚSINSHILIK

**Músinshilik** – súwretlew ónerinińbir túri bolıp, barlıqtı kólemli formalarda, úsh ólshemde sáwlelendiriwge tiykarlanadı. Bunda tiykarınan insan, sonday-aq, haywanlar (animalistikalıq), tábiyat (peyzaj) hám buyımlar (natyurmort) islenedi.

**Músin** – arabsha sóz bolıp, "úlken, ullı forma" mánisin ańlatadı. Músinshilik te reń súwret sıyaqlı ómirden alınǵan waqıya-hádiyselerdi túrli usıl, súwretlew texnikası hám shiyki zatlar járdeminde islenedi. Músinshilikte tas, metal, gips, aǵash sıyaqlı materiallardan keń qollanıladı. Músinshilik dóretpeleri kesiw, jabıstırıw, jalǵaw, oyıw hám qıyıw arqalı jaratıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 10-tema

# MÚSINSHILIKTIŃ TÚRLERI

**Músinshiliktiń 2 tiykarǵı –** aylanıp tamasha etiw imkaniyatın beriwshi domalaq hám tek bir tárepten kóriwge bolatuǵın bórtpe (qabarıq kórinis, relyef) túrleri bar.

**Relyef** –tegis betke (diywalǵa) bórttirip islenetuǵın kórinis.

**Relyef** – barelyef hám gorelyef túrlerine bólinedi.



**Gorelyefte** kórinis qalıńlıǵınıń yarımınan kóbirek bólegi bórtip turadı.



**Barelyefte** – kórinis qalıńlıǵınıń yarımınan azıraq bólegi bórtip shıqqan boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Bórtpe kórinisin islew basqıshları

1


2


3


4


1. Músinshiliktiń tiykargı neshe túri bar?
2. Relyef hám barelyef degen ne?
3. Gorelyef degen ne?

Ílay yaki plastilinnen músin isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 11-tema GÚLALSHÍ USTAXANASÍNA SAYAXAT

**Gúlalshılıq** – ónermentshiliktiń ılaydan túrli buyımlar tayarlanatuǵın túri. Gúlalshılıqta tiykarǵı shiyki zat saz topıraq bolıp tabıladı. Tiykarǵı jumıs quralı bolsa, gúlallıq aylanba sheńber úskenesi esaplanadı. Usta usı úskene járdeminde hár qıylı gúlal ıdıslar tayarlaydı hám olarǵa forma beredi. Tayarlanǵan gúlal ıdıslar keptirilip, arnawlı gúzede qızdırıladı. Jaqsı keptirilgen ıdıslarǵa arnawlı tayarlanǵan reńlerden paydalanıp naǵıslar sızıladı, soń oshaq gúzelerde joqarı temperaturada keptiriledi. Sırlanǵan ıdıslar bolsa jáne bir márte gúzede qızdırıladı.

### Gúlal usta Umar Juraqulov (1894–1973 jillar)

Ózbekstan xalıq xudojnigi, gúlal Umar Juraqulov kóp jıllıq tariyxqa iye bolǵan gúlalshılıq súwretlew ónerine úlken úles qosıp, Samarqand zamanagóy gúlalshılıq mektebine tiykar salǵan.





"U. Juraqulov". G.Ulko.

1894-jılda Samarqandta tuwılǵan Umar Juraqulov 300 jıllıq gúlalshılar shejiresiniń shınjırma-shınjır kiyatırǵan dawamshısı esaplanadı. 1930-jıllarda usta Umar Juraqulov gúlalshılıq buyımlarına naǵıs sızıwdı baslaǵan. Dóretiwshilik jumısı dawamında gúlal xudojnik respublikalıq hám xalıqaralıq kórkem óner kórgizbelerinde qatnasqan. Onıń gúlal buyımlarǵa, gúlal ıdıs-tabaqlarǵa sızǵan naǵısları, bezekleri sulıwlıǵı hám ráńbáreńligi menen ajıralıp turadı.

**Plastilinografiya** – ámeliy bezew óneriniń jańa kórinisi. Onda hár qıylı reńdegi plastilinnen azıraq yaki kóbirek bórtirip jasalǵan yarım formalı zatlardıń kórinisi gorizontal júzege túsiriledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Usta gúlal bórtpe kórinisin islew basqıshları

1



2



3



4



1. Gúlalshılıqta tiykarınan qaysı shiyki zat óniminen paydalanadı?
2. Gúlalshılıqta tiykarǵı jumıs quralı neler?
3. Ózbekstan xalıq xudojnigi, gúlal usta Umar Juraqulov qaysı gúlalshılıq mektebine tiykar salǵan?
4. Plastilinografiya degen ne?

Ílay yaki plastilinnen usta gúlal súwretin soǵıwdı juwmaqlań hám basqa bir qálegen kásip-óner wákiliniń súwretin isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

12-tema

# MILLIY OYÍNSHÍQLARDÍŃ KISHI MÚSINLERIN ISLEW

**Mayda plastika músinleri** – ólshemleri onsha úlken bolmaǵan ónermentshilik óneri músinleri bolıp tabıladı.

Mayda plastika músinleri qımbat bahalı tas, ılay, farfor, ayna sıyaqlı shiyki zatlardan tayarlanadı. Mayda plastika músinleri insanǵa zawıq baǵıshlaydı, polka hám jazıw stolların bezep turadı.

Birgelikte qozınıń mayda plastika músinlerin isleymiz.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qozı músinlerin jaratıw basqıshları

1



2



3



4



1. Mayda plastika degen ne?
2. Mayda plastika músinleri qanday shiyki zatlardan tayarlanadı?

Basqa qálegen oyınshıqtıń músinin isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

13-tema

# DASTURQANDAǴÍ JEMIS

Dasturqan awqatlanıw waqtında tóseletuǵın gezleme bolıp, onı hár qıylı jemisler menen bezetedi. Xalqımızda dasturqan miymandoslıq belgisi esaplanadı. Dasturqan tóselgennen keyin, eń birinshi nan qoyıladı. Onnan soń dasturqanǵa shay alıp kelinedi. Bunnan soń basqa da jemisler qoyıladı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Dasturqandaǵı jemisler” temasında músin islew basqıshları

1



2



3



4



1. Xalqımızda dasturqan neniń belgisi esaplanadı?
2. Tema tiykarında músin islew basqıshların tusindirip beriń.

Jasaǵan dasturqanıńızdı basqa ıdıs hám miyweler menen toltırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**14-tema**

# “UR, TOQPAQ” ERTEGI TIYKARÍNDA MÚSIN ISLEW

“Ur, toqpaq!” – ózbek xalqınıń ájayıp ertegi. Ǵarrı hám láylek ertektiń bas qaharmanları.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Ur, toqpaq” ertegi tiykarında músin islew basqıshları

1


2


3


1


2


3


1. “Ur, toqpaq” qaysı xalıq ertegi?
2. “Ur, toqpaq” ertegininń tiykarǵı qaharmanları kimler?

“Ur, toqpaq” ertegi tiykarında kishi músinlerdi juwmaqlań. Basqa qálegen ertek qaharmanlarınan músin isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**15-tema**

# 2-QADAĞALAW JUMÍSÍ. "ERTEK QAHARMANLARÍ JAŃA JÍL SHÍRSHASÍ ÁTIRAPÍNDA" TEMASÍNDAĞÍ MÚSIN ISLEW

**Jana jıl** – úlkenler hám balalardıń eń jaqsı kórgen bayramlarınan biri. Jańa jılda ótken jıl nátiyjeleri maqtanısh etilip, hámme bir-birine jaqsı tilekler tileydi. Bul bayram balalardıń qısqı dem alısınıń kewilli ótiwinde de úlken áhmiyetke iye. Onı kóp ğana mámleketlerde shırsha átirapında belgilew dástúrge aylanğan. Jańa jıl bayramında balajanlar Ayazata hám Qarqızdıń keliwin kútedi.



## "Ertek qahramanları Jańa jıl shırshası átirapında" temasında háykel islew basqıshları

1 

2 

3 

1 

2 

3 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE













1. Jańa jıl qanday bayram esaplanadı?
2. Tema tiykarında jasalǵan kishi músinlerdi talqılań.

Sabaqta islengen kompoziciyanı basqa qaharmanlar menen toltırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

16-tema

# "ARQA POLYUS AYÍWÍ" TEMASÍNDA MÚSIN ISLEW

**Aq ayıw** – arqada jasawshı ayıw sıyaqlılar shańaraǵına tiyisli sút emiziwshi. Denesiniń uzınlıǵı 2-2,5 m, geyde 3 m ge jetedi, salmaǵı 800 kg.ǵa shekem baradı. Denesi qalıń teri hám aq, geyde kúlreń jún menen qaplanǵan boladı. Arktika haywanat dúnyasınıń tiykarǵı wákili. Aq ayıwlardıń tiykarǵı azıǵı – balıq esaplanadı. Tómen temperaturaǵa jaqsı iykemlesken, pánjeleri kúshli rawajlanǵan bolıp, ol suwda óz azıǵın biymálel tuta aladı. Quyrıǵı kelte, qalıń júniniń arasında derlik sezilmeydi. Búgingi kúnde aq ayıwlardıń azayıp baratırǵanı ushın ol xalıqaralıq "Qızıl kitap"qa kirgizilgen.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Arqa polyus ayıwı” temasında músin islew basqıshları

1



2



3



4



5



6



Aq ayıwlar qay jerde jasaydı?

“Arqa polyus ayıwı” músinin muzlıqlar ústine jaylastırıp isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Choriev Ruzi Chorievich (1931–2004)**

Ruzi Choriev súwretlew óneriniń sheberi. Ózbekstan Kórkem óner Akademiyasınıń húrmetli akademigi.

Ózbekstan xalıq xudojnigi Ruzi Choriev óz dóretpelerinde úlke kórinislerin jarqın reńlerde úlken sheberlik penen súwretlegen. Onıń dóretiwshiligi reńli súwretke milliy ruh, úrp-ádetler, belgili insanlar obrazların alıp kiriw menen áhmiyetli. Onıń portretleri (“Zamanlasım”, “Dostım portreti”, “Kelin. Shohi swzana”, “Firavn”, “Erkek portreti”, “Baysınlı qariya”, “Poshxurdlı qız Barno”, “Sayroblı ǵarrı”, “Qıs. Avtoportret”), turmıslıq hám tariyxıy temalardaǵı (“Sáwbet”, “Xumsan aqshamı”, “Altıntapqan káni”, “Nay. Shopan bala”, “Baysın”, “Báhár. Sherabad kórinisi”, “Baǵlar”) hám basqa da kóplegen shıǵarmaları belgili. Ruzi Choriev Ózbekstan súwretlew ónerin úgit-násiyatlawda belsendilik kórsetken: onıń baslaması hám qatnasında Respublikalıq balalar dóretiwshilik orayı, wálayatlarda kórkem óner muzeyleri shólkemlestirilgen. Ol jas xudojniklerdi turaqlı qollap-quwatlaǵan. Ruzi Chorievtıń dóretpeleri respublika hám shet mamleketlerdiń muzeylerinde, jeke kollekciyalarda saqlanbaqta.



*“Ziyada mama portreti”.*



*“Tashkent. Báhár”.*



*“Ferǵana oypatlıǵında gúz”.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BAP
# REŃLI SÚWRET

**Reńli súwret** – Qanday da bir júzede boyawlar arqalı sızılatuǵın súwretlew óneri shıǵarması. Súwretlew óneriniń bul túrinde reń eń tiykarǵı orındı iyeleydi.

Reńli súwret baǵdarına kóre monumental, stanoklı hám basqa da túrlerge bólinedi. Reńli súwret túrleriniń hár biri ózine tán ózgeshelikleri menen bir-birinen parıqlanadı.

Xudojnikler reńli súwretlew quralları járdeminde shıǵarma dóretedi hám bárqulla kompoziciya imkaniyatlarınan paydalanadı. Demek, reńli súwretlewde tiykarǵı sáwlelendiriwshi qural – reń bolıp qala beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

17-tema

# AYQULAQ. TIYKARǴÍ HÁM QOSPA REŃLER. REŃLER ARALASPASÍ

Biz kóbinese jawın jawǵanda aspanda payda bolatuǵın ayqulaq reńlerin kóriwimiz múmkin.

Ayqulaq reńleri qızıl, qızǵısh-sarı, sarı, jasıl, kógis, kók hám sıya reń boladı.

Qızıl, sarı hám kók tiykarǵı reńler esaplanadı. Tiykarǵı reńler aralaspasınan hár qıylı reńlerdi payda etiw mumkin. Mısalı, qızıl menen sarı aralaspasınan qızǵısh-sarı reń, qızıl hám kógis reń aralaspasınan sıya reń, sarı menen kógis reń aralaspasınan bolsa jasıl reń payda boladı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Reńlerdi aralastırıw basqıshları

1





2




Shınıǵıw dápterińizge usı tema tiykarında súwret salıw.

1. Ayqulaqtaǵı reńlerdiń atın aytıń?
2. Tiykarǵı reńler qaysılar?

Tema tiykarında súwret salıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

18-tema

# AXROMATIKALÍQ REŃLER. "GÓJEK"TIŃ SÚWRETIN SALÍW

**Axromatikalıq** reńler de tiykarǵı reńler sıyaqlı tábiyatta bar reńler. Olar sırtında reń túsine iye bolmaǵan aq, kúlreń, qara reńler. Axromatikalıq reńlerde islengen súwretler de ózine tán bolıp, súwretlew óneriniń keń imkaniyatların kórsetip beredi.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Gójek”tıń súwretin salıw basqıshları




Shınıǵıw dápterińizge “Gójek”tiń súwretin salıw.

Axromatikalıq reńler qanday reńler?

1. “Gójek”tiń súwretin axromatikalıq reńlerde boyań.
2. Qálegen axromatikalıq reńler menen súwret salıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

19-tema

# XROMATIKALÍQ REŃLER. "BALÍQ"TÍŃ SÚWRETIN SALÍW

Xromatikalıq reńler sırtında reń túsine iye bolǵan reńler bolıp tabıladı. Xromatikalıq reńler quramına barlıq jıllı hám suwıq reńler kiredi.

Usı temada xromatikalıq reńlerden paydalanıp, "Balıq"tıń súwretin salamız.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Balıq”tıń súwretin salıw basqıshları



Shınıǵıw dápterińizge “Balıq”tıń súwretin salıw.

1. Xromatikalıq reńler qanday reńler?
2. Xromatikalıq reńlerdi jáne qaysı predmetlerde kóriw múmkin?

Xromatikalıq reńler járdeminde “Balıq”tıń súwretin boyań hám basqa bir súwret salıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-tema

# SUWÍQ REŃLER. "AQQUW"DÍŃ SÚWRETIN SALÍW

**Suwıq reńler** – kók hám kógis, jasıl, kók-sıya, kók-jasıl hám usılardıń aralaspasınan payda bolǵan barlıq reńler. Suwıq reńler kóz aldımızǵa suwıqlıq keltiriwshi nárseler – muz, qar, suw hám usı sıyaqlılar túrinde sáwlelenedi. "Aqquw"dıń súwretin salıwda suwıq reńlerdiń barlıq túrlerinen paydalanıw múmkin. Usı súwretti salıwda akvarel yaki guashtan paydalanamız.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Aqquw”dıń súwretin salıw basqıshları




Shınıǵıw dápterińizge “Aqquw”dıń súwretin salıw.

Suwıq reńler qaysılar?

Suwıq reńlerdiń bárinen paydalanǵan halda “Aqquw”dıń súwretin salıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

21-tema

# JÍLLÍ REŃLER. "JOLBARÍS BALASÍ"NÍŃ SÚWRETIN SALÍŃ

**Jıllı reńler** – qızıl, sarı, qızǵısh-sarı hám quramında usı reńlerden az bolsa da bar bolǵan barlıq reńler. Jıllı reńler quyash, jalın hám usı sıyaqlı ıssılıq beriwshi dáreklerdi esletedi. "Jolbarıs balası"nıń súwretin salıwda jıllı reńlerdiń bárinen qollanǵan maqsetke muwapıq boladı. Usı súwretti salıwda akvarel yaki guashtan paydalanamız.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## "Jolbarıs balası"nıń súwretin salıw basqıshları

1



2



3



4



Shınıǵıw dápterińizge "Jolbarıs balası"nıń súwretin salıń.

Jıllı reńler qaysılar?

"Jolbarıs balası"nıń súwretin jıllı reńlerdiń barlıq túrleri menen boyań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 22-tema "QUMÍRÍ"NÍŃ SÚWRETIN SALÍW

**Qumırı** – kepter sıyaqlılar shańaraǵınıń qumırılar tuqımına tiyisli qus. Quyrıǵı uzın, basqa kepter sıyaqlılarǵa qaraǵanda biraz kishkene. Denesiniń arqa tárepindegi párleri birdey reńde, moynınıń arqasında qara reńli yarım sheńberi bar. Ósimliklerdiń dáni hám nan usaqları menen azıqlanadı.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qumırınıń súwretin salıw basqıshları

1


2


3


4




Shınıǵıw dápterińizge "Qumırı"nıń súwretin salıń.

1. Qumırınıń sırtqı kórinisi qanday?
2. Qumırı ne menen azıqlanadı?

Qumırınıń súwretin reńli boyawlarda sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

23-tema

# DEKORATIV QUS “TAWÍS"TÍŃ SÚWRETIN SALÍW

**Tawıs** – qırǵawıllar shańaraǵına tiyisli. Onıń Watanı Aziya esaplanadı. Tawıs óziniń jap-jasıl, jelpigish formasındaǵı, kózge uqsas quyrıǵına bola dekorativ quslarlardıń arasında eń sulıwı bolıp tabıladı.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## "Tawís" súwretin salıw basqıshları

1

2

3

4


Shınıǵıw dápterińizge "Tawıs"tıń súwretin salıń.

Tawıs qaysı quslar shańaraǵına kiredi?

"Tawıs" súwretin aralaspa reńler menen boyań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

24-tema

# 3-QADAǴALAW JUMÍSÍ. "TÁBIYAT DÚNYASÍ" TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW

Báhár pasılında oyanıp atırǵan tábiyattı gózzal reńlerde kóriwimiz múmkin. Sol sebepli báhár palitrası tómendegi jumsaq reńlerden quraladı: ashıq-qızǵısh, ashıq-qońır, ashıq jasıl hám sol sıyaqlılar. Reńler kontrastın keltirip shıǵarıw ushın roza, qızıl hám ashıq qońırdan da paydalanıladı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Tábiyat dúnyası” temasında súwret salıw basqıshları

1



2



3



4



Shınıǵıw dápterińizge “Tábiyat dúnyası” temasında súwret salıń.

Sizińshe báhár qanday pasıl?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 25-tema

# TÁBIYATTAǴÍ TEREKLERDIŃ JÍL PASÍLLARÍNA QARAP ÓZGERIWIN SÚWRETLEW

Hár bir pasıl ráńbáreńligi, ózine tán ózgeshelikleri menen bizdi shad etedi. Báhárdiń gózzal, jazdıń jıllı-jarqın, gúzdiń altın hám qıstıń gúmis reńlerinde máwsimlerdiń gózzallıǵı sáwlelenedi. Qıs tınıshlıqtı, báhár gózzallıq hám jańalanıwdı, jaz ıssılıqtı hám pisikshilikti, gúz bolsa mol zúráátti ańlatadı.

Usı temada terektiń jıl dawamında rawajlanıwı mısalında tábiyattaǵı ózgerislerdi súwretleymiz.



## Tábiyattaǵı tereklerdiń jıl pasıllarına qarap ózgeriwin súwretlew







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE









Shınıǵıw dápterińizge tábiyattaǵı tereklerdiń jıl pasıllarına qarap ózgeriwin salıw.

1. Jıl pasılları neshew?
2. Jıl pasılları bir-birinen qalay parıqlanadı?

Tábiyattaǵı tereklerdiń jıl pasıllarına qarap ózgeriw súwretin juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

26-tema

# REŃ HÁM KEYPIYAT. “NAWRÍZ BAYRAMÍ” TEMASÍNA SÚWRET SALÍW

**Nawrız** – tábiyattıń gúllep-jasnawı hám jańalanıw bayramı. Ol júdá áyyemgi bayram. Nawrız qarsańında elimizde hár qıylı seyiller, bayram tamashaları ótkeriledi.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## "Nawrız bayramı" súwretin salıw basqıshları








Shınıǵıw dápterínizge "Nawrız bayramı" temasında súwret salıń.

Nawrız qanday bayram?

Nawrız bayramı súwretin juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Galina Li (1945)**

1945-jılda Qırǵızstan Respublikasınıń Kókyangak qalasında tuwılǵan. Kamoliddin Begzad atındaǵı Milliy súwretlew hám dizayn institutın (aldınǵı A.N.Ostrovskiy atındaǵı Tashkent teatr hám súwretlew institutı) da bilim alǵan. 1967-jıldan berli balalar temasında dóretiwshilik penen shuǵıllanadı. 1969-1984-jıllarda P.Benkov atındaǵı Respublikalıq súwretlew bilim jurtında sabaq bergen. 100 den aslam kitaplarǵa illyustraciya islegen.



*"Shımshıq penen túlki".*



*"Ur, toqpaq!".*



*"Pinokkio".*



*"Qara balıq".*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BAP
# KOMPOZICIYA

**Kompoziciya** – shıǵarmanı jaratıw, dúziw hám quriw mánislerin ańlatadı. Kompoziciya súwretlew óneriniń barlıq túrlerinde jaratıladı. Kompoziciya grafikada qara hám reńli qálemler menen, skulptura-da ılay hám plastilinnen paydalanıp, reńli súwretlewde bolsa hár qıylı boyawlar járdeminde islenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

27-tema

# "TAWDA BÁHÁR" TEMASÍNA KEŃISLIK KOMPOZICIYASÍN ISLEW

Keńislik kompoziciyasında kartina aldınǵı, orta hám fon súwretlerin óz ishine aladı. Mısalı, kompoziciyanıń aldınǵı súwretinde úlken gúllegen terek súwretin kóremiz. Kompoziciyanıń orta kartinasında bolsa kishirek úylerdi kóriwimiz múmkin. Kompoziciyanıń fonında yaǵnıy, uzaqta tawlar kórinisi itibarımızdı tartadı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Tawda báhár” temasında keńislik súwretin salıw basqıshları

1



2



3



4



Shınıǵıw dápterińizge Keńislik kompoziciyası temasında súwret salıń.

Keńislik kompoziciyası degen ne?

Quramalı bolmaǵan qala kórinisin (mısalı, tereze artındaǵı kórinisti) súwretleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28-tema
# "KOSMOSQA PÁRWAZ" TEMASÍNA KOLLAJ USÍLÍNDA KOMPOZICIYA ISLEW

Quyash sistemasına Quyash, planetalar, planetalardıń tabiyǵıy joldasları hám basqa kosmos deneleri kiredi. Quyash ta juldız esaplanadı hám ol Quyash átirapında aylanatuǵın úlken deneler bolıp tabıladı. Quyash sistemasında segiz planeta bar.

Biz jasap atırǵan planeta Jer dep ataladı. Jer Quyashtan uzaqlıǵına kóre úshinshi planeta.

## BUL QIZIQ!

Nege planetalardıń forması kvadratqa uqsamaydı?

Planetalar tartısıw kúshi sebepli dumalaq boladı. Bul arnawlı kúsh hámme nárseni orayǵa tartadı hám sharlardı payda etedi. Sonlıqtan da planetalar kvadrat formada emes.

**Kollaj** usılında islew procesi sızılǵan kórinis ústine gazeta, jurnal hám usı sıyaqlılardan qırqıp alınǵan súwret hám jazıwlardı jelimlep shıǵıw arqalı ámelge asırıladı.

Kompoziciya islewde reńli qaǵaz, karton, qayshı, jelimniń qálegen túrinen paydalanıw múmkin.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Kosmosqa párwaz” kompoziciyasın kollaj usılında islew basqıshları

1



2



3



4



5



6



7



Shınıǵıw dápterińizge “Kosmosqa párwaz” temasındaǵı kompoziciyanı kollaj usılında salıń.

Kollaj degen ne?

Kollaj usılındaǵı kompoziciyanı juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

29-tema

# STATIKA HÁM DINAMIKA

**Dinamika** súwretlew ónerindegi háreket procesin ańlatadı.
Mısalı:
– sportshılardıń jarısta tez juwırıwı;
– raketanıń kosmosqa párwazı;
– atlar báygisi;
– júzip baratırǵan sportshı hám basqalardıń háreketi.
**Statika** bolsa tınısh halat hám háreketsizlikti bildiredi.
Mısalı:
– kosmonavt;
– párwazǵa tayarlanıp atırǵan raketa;
– uyıqlap atırǵan adam;
– baǵqa ornatılǵan músin hám basqalar.

## "Raketa ushpaqta" súwretin islew basqıshları

1


2


3


4




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Kosmonavt” súwretin islew basqıshları




Shınıǵıw dápterińizge statika hám dinamika temasında súwret salıń.

1. Dinamika degen ne?
2. Statika degen ne?

Statika hám dinamika temasında islengen kompoziciyanı juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

30-tema

# ASHÍQ HÁM JABÍQ TÚRDEGI KOMPOZICIYA ISLEW

Ashıq kompoziciyada tábiyat kórinisiniń fonında jániwarlar yaki basqa da nárseler súwretleniwi múmkin. Mısalı, toǵaydaǵı ayıw, tábiyat qoynındaǵı jirafa, atızdaǵı traktor, tawdaǵı búrkit hám usı sıyaqlılar.

Jabıq kompoziciyada bolsa kórinis bólme yaki imarattıń ishinde boladı. Mısal ushın, cirk saxnasındaǵı arıslan, tereze aldındaǵı gúller, stol ústindegi gúze hám miyweler sıyaqlı.

## Ashıq kompoziciya túrinde “Pil hám pil balası”nıń súwretin salıw basqıshları

1



2



3



4









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Jabıq kompoziciya túrinde “Cirktegi arıslan” súwretin salıw basqıshları

1


2


3


4


5


Shınıǵıw dápteriińizge ashıq hám jabıq túrdegi kompoziciyanı salıń.

1. Ashıq kompoziciyada súwret qalay sızıladı?
2. Jabıq kompoziciyada she?

Ashıq hám jabıq túrdegi kompoziciyanı juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

31-tema

# KOMPOZICIYADAǴÍ RITM

**Ritm** – elementlerdiń belgili bir izbe-izlikte almasıwı hám qaytalanıwı bolıp tabıladı.

Súwretlew kompoziciyasında ritm tómendegishe bolıwı múmkin. Mısalı, bir neshe terektiń yaki oǵan túsip turǵan quyash nurınıń, reńlerdiń tákirarlanıwı. Quslardıń ushıp kelip, terek shaqasına izbe-iz qonıwın súwretlew kompoziciyasında ritm payda etedi. Quslardıń gezek penen dán shoqıwın súwretlew kompoziciyasıda ritm esaplanadı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Quslardıń súwretin sızıw basqıshları

1



2



3



Shınıǵıw dápterińizde usı temaǵa tiyisli kompoziciya isleń.

1. Ritm degen ne?
2. Ritmge mısal keltire alasız ba?



Baslaǵan kompoziciyańızdı juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

32-tema

# 4-QADAĞALAW JUMÍSÍ. "HAYWANAT BAĞÍ" TEMASÍNA KOMPOZICIYA ISLEW

Tashkent haywanat bağı 1924-jılda jumıs baslağan. Siz haywanat bağında hár qılı, biybaha ana-tábiyatımızda kem ushırasatuǵın jániwarlar menen quslardı tamashalawıńız mumkin. Haywanat bağında olardıń kóplegen túrleri bar.

## "Haywanat bağı" súwretin islew basqıshları

1



2




3




4




Shınıǵıw dápterińizge usı tema tiykarında kompoziciyanı salıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

33-tema

# “TÁBIYATTÍ SAQLAŃ!” TEMASÍNA PLAKAT KOMPOZICIYASÍN ISLEW

**Plakat** – súwretlew ónerinde tárbiyalıq-ideologiyalıq áhmiyetke iye bolıp, hámmeniń itibarın tańlanǵan temaǵa qaratadı.

**Eskiz** – kompoziciyada maqul variantti tabıw ushın islegen qaralama sızıqlar.

Plakat sızıwda temaǵa tán bir neshe eskiz variantlardı sızıw talap etiledi. Eskizler arasınan maqul bolǵan variant plakat sızıw ushın tańlap alınadı.



Tábiyattı saqlań!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## “Tábiyattí saqlań!” temasında plakat kompoziciyasın islew basqıshları

1



2



3



4



Shınıǵıw dápterińizge usı tema tiykarındaǵı kompoziciyanı isleń.

1. Plakat ne?
2. Eskiz degenimiz ne?

Klasta baslaǵan kompoziciyańızdı juwmaqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 34-tema

# "TÁBIYATTÍ SAQLAŃ!" TEMASÍNA PLAKAT KOMPOZICIYASÍNÍŃ SHRIFTIN ISLEW

Plakattaǵı sózlerdi shrift penen jazıwda tómendegi qaǵıydalarǵa ámel etiń:

- sózdegi háriplerdi sanap shıǵıń;
- sózlerdi plakattıń orayına jaylastırıw ushın qaǵazdıń ortasına noqat qoyıń;
- eger sózdegi háripler sanı onnan kóp bolsa, qoyılǵan noqattıń shep tárepine bes, oń tárepine bes hárip jaylastırıladı.

Sonda sózler qaǵaz orayına durıs jaylasadı.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Shınıǵıw dápterińizge "Tábiyattı saqlań" temasındaǵı plakat kompoziciyasınıń shriftin salıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Súwretlew óneri [Tekst]: 3-klass ushın sabaqlıq / Z.Xudoyberganov [hám basq.]. – Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022. – 80 b.

ISBN 978-9943-8070-9-9

UOK 75(072)
KBK 85.1

*O'quv nashri*

# Tasviriy san'at

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining*
*3-sinfi uchun darslik*
*(Qoraqalpoq tilida)*

Awdarmashı – Perxan Allambergenova
Xudojnik – Umid Sulaymanov
Redaktor – Charjaubay Elmuratov
Kórkemlik jaqtan redaktor – Iqbol Saloxutdinov
Texnikalıq redaktor – Akmal Sulaymanov
Korrektor – Gúljamal Dáwletnazarova
Betlewshi-dizayner – Alimardon Aqilov
Mobil qosımshasın jaratıwǵa ules qosqan dóretiwshiler –
Azizbek Ismailov, Maxsud Saypiev

*Sabaqlıqta Tashkent qalasındaǵı 18-sanlı BMKM oqıtıwshı hám oqıwshılarınıń dóretpelerinen paydalanıldı.*

Baspaǵa 11.04.2022-jılda ruxsat etildi. Pishimi 60x84 1/8.
Segoe UI garniturasi. Kegli 14 shponlı. Ofset baspa.
Shártli baspa tabaǵı 9,30. Baspa tabaǵı 8,92.
tirajı ____ nusxa. Buyırtpa № ___.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa beriletuǵın sabaqlıq halatın kórsetiwshi keste

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı halatı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵan-daǵı halatı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshıları tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi márte paydalanıwǵa berilgendegi halatı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıq tiykarǵı bóleginen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, qırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqabası ezilgen, biraz sızılıp, shetleri jemirilgen, sabaqlıq tiykarǵı bóleginen ajıralıw jaǵdayında, biraq, qanaatlandırarlı qayta tiklengen. Túsip qalǵan betleri qayta jaylastırılǵan, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabası jırtılǵan, ústine sızılǵan, tiykarǵı bóleginen ajıralǵan yaki pútkilley joq, qanaatlandırarsız dárejede qayta tiklengen. Betleri jırtılǵan hám onda betler sanı jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı tiklewdiń ilajı joq. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE